

KLAS 4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

v202

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen sa a gen de (2) pati. Pati I ak II a nan ti liv egzamen sa a.

Pati I an gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo sou yon fèy repons apa. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

Pati II a gen 15 kesyon ki mande pou konpoze yon repons. Ekri repons ou yo pou Pati II a nan ti liv egzamen sa a.

W ap gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W VIRE L.

ENSTRIKSYON

Genyen 30 kesyon nan Pati I egzamen sa a. Apre chak kesyon, gen kat (4) chwa repons, ki gen nimewo A–D. Li chak kesyon avèk anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou chwazi. Sou fèy repons apa a, make repons ou nan ranje ti wonn yo pou chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon No. 2 pou make fèy repons lan.

Li Egzanp Kesyon **S-1** ki anba la a.

S-1 Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons pou Kesyon ki nan Egzanp **S-1** an. Gade kijan yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, li Egzanp Kesyon **S-2**. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou Kesyon ki nan Egzanp **S-2** a.

S-2 Ki bèt ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A**. Sou fèy repons ou, ou te dwe nwasi ti wonn **A**.

Reponn tout 30 kesyon ki nan Pati I egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou ka pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlman fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Pati I a, ale nan Pati II a. Reponn tout kesyon ki nan Pati II a nan espas yo kite pou chak kesyon.

Pati I

- 1 Kalandriye anba la a montre foto aparans chanjan Lalin nan syèl la pou yon (1) mwa.

Mas 2014						
Dimanch	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi	Samdi
						1
2	3	4	5	6	7	8
9	10	11	12	13	14	15
16	17	18	19	20	21	22
23	24	25	26	27	28	29
30	31					

Aparans chanjan Lalin nan se yon egzanj yon

- A sik natirèl
- B transfè enèji
- C kondisyon metewolojik
- D fòs mekanik

- 2 Konbyen tan li pran Latè pou vwayaje yon (1) fwa otou Solèy la?

- A yon (1) jou
- B yon (1) semèn
- C yon (1) mwa
- D yon (1) ane

3 Solèy la parèt leve ak kouche chak jou akòz

- A wotasyon Latè a
- B revolisyon Latè a
- C wotasyon Solèy la
- D revolisyon Solèy la

4 Foto anba la yo montre fòm yon kouran dlo anvan ak apre yon gwo tanpèt lapli.

Anvan yon Gwo Tanpèt Lapli



Aprè yon Gwo Tanpèt Lapli




Ki pwosesis ki gen plis chans te lakòz fòm kouran dlo a chanje apre tanpèt lapli a?

- A kondansasyon
 - B revolisyon
 - C ewozyon
 - D evaporasyon
- 5 Ki pwopriyete yon wòch yon elèv kapab pi byen obsève lè li touche li avèk men li?
- A koulè
 - B odè
 - C gou
 - D teksti

6 Yo pi byen itilize yon testè sikui pou detèmine

- A reflektivite yon objè
- B kondiktivite yon objè
- C fleksibilite yon objè
- D pwa yon objè

7 Dyagram anba la yo montre yon parapli sou yon plaj nan diferan moman pandan jounen an.




Dyagram yo pi byen montre fason kondisyon anviwonan yo afekte

- A lonbraj parapli a
- B gwosè parapli a
- C fòm parapli a
- D teksti parapli a

Sèvi ak enfòmasyon ak dyagram anba la yo ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 8 ak 9.

Dyagram lan montre twa (3) soulye sou yon planch an bwa. Nan dyagram *A*, planch lan kouche plat atè a. Nan dyagram *B*, yo te itilize yon kòd pou leve yon ekstremitè planch lan. Soulye yo nan dyagram *B pat* glise desann sou planch lan lè yo te leve planch lan.




8 Ki fòm enèji yo itilize pou leve planch lan nan dyagram *B*?

- A limyè
- B chalè
- C mekanik
- D son

9 Fòs ki anpeche soulye yo glise desann sou planch lan nan dyagram *B* se

- A elektrisite
- B mayetis
- C friksyon
- D gravite

10 Dyagram anba la a montre kat (4) pati yon sikui fèmen.




Ki objè se yon sous enèji elektrik nan sikui fèmen an?

- A batri
- B anpoul elektrik
- C entèripte
- D fil

11 Ki deklarasyon se yon egzanp yon entèraksyon **danjere** avèk enèji limyè ki soti nan Solèy la?

- A Yon pwofesè itilize yon kalkilatri ki alimante ak limyè solèy.
- B Yon elèv pran yon kout solèy nan plaj la.
- C Yon tòti chofe tèt li sou yon wòch ak solèy.
- D Fèy plant yo itilize limyè solèy pou fè pwòp manje yo.


12 Dyagram anba la a montre plizyè fòm diferan.



Ki deklarasyon ki idantifye kòrèkteman fòm yo ki sitiye dirèkteman anwo ak dirèkteman anba kè dyagram lan?

- A Sèk la anwo epi triyang lan anba kè a.
- B Oktagòn lan anwo epi lozanj lan anba kè a.
- C Etwal la anwo epi rektang lan anba kè a.
- D Oval la anwo epi pantagòn lan anba kè a.

13 Dyagram anba la a montre yon pyedebich, ke yo itilize kòm yon machin senp pou retire yon klou.



Pyedebich lan se yon egzanzp

- A yon pouli
- B yon levye
- C yon balans ak plato
- D yon plan encline

14 Yo pake de (2) machin deyò nan yon jou cho, ak solèy. Machin yo gen menm gwosè ak fòm. Yon machin nwa epi lòt la blan. Yo te pake yo nan Solèy la pandan kat (4) èdtan.

Twati machin nwa a konpare ak twati machin blan an gen plis chans pou

- A pi frèt, akòz li absòbe plis limyè solèy
- B pi frèt, akòz li absòbe mwens limyè solèy
- C pi cho, akòz li absòbe plis limyè solèy
- D pi cho, akòz li absòbe mwens limyè solèy

15 Yon elèv ale lekòl nan maten, li pran yon egzamen, li manje repa midi epi li jwe tanbou. Kiyès nan aktivite sa yo se yon pwosesis lavi?

- A ale lekòl
- B pran yon egzamen
- C manje repa midi
- D jwe tanbou

16 Ki egzanp yon bagay *ki pa vivan* ke imen yo kreye?

- A dlo
- B lè
- C limyè solèy
- D papye


17 Ki karakteristik timoun yo kapab erite apati paran yo?

- A yon sikatris
- B koulè je
- C li yon liv
- D monte yon bisiklèt

18 Yon pòm tonbe soti nan yon pyebwa epi li woule nan yon kouran dlo. Pòm lan flote desann nan kouran dlo a epi lwen pyebwa a. Sa se yon egzanp

- A migrasyon
- B dispèsyon grenn
- C adaptasyon ak anviwònman an
- D chanje kondisyon metewolojik yo

19 Dyagram anba la a montre de (2) jiraf bò yon pyebwa.




De (2) jiraf yo, nan eseye jwenn fèy nan pyebwa a, ap lite pou

- A manje
- B espas
- C limyè solèy
- D lè


20 Ki de (2) pwosesis ki lakòz wotè yon imen ogmante apati nesans rive nan adilt?

- A kwasans ak devlopman
- B kwasans ak eliminasyon
- C respirasyon ak devlopman
- D respirasyon ak eliminasyon


21 Ki dyagram ki genyen etap devlopman plant yo make kòrèkteman?




A



C



B



D


(Pa trase selon echèl la)

- 22** Bòs yon chamo estoke grès pou ede bèt la siviv pandan jiska de (2) semèn san manje pandan li ap mache nan dezè a. Estrikti kò sa a te ede chamo a
- A fè manje
 - B kreye yon abri
 - C adapte ak anviwònman li a
 - D melanje avèk anviwònman li a
- 23** Sèf ki gen ke blan yo leve ke yo pou sinyale danje ak lòt sèf ki toupre yo. Konpòtman sa a se yon egzanp sèf
- A ki ap ibène
 - B ki ap kominike
 - C ki ap repwodui
 - D ki ap migre
- 24** Yo netwaye yon forè pou fè plas pou yon devlopman lojman. **Pèt** ki kondisyon anviwònmantal tap gen plis chans genyen efè **negatif** sou bèt sovaj ki tap viv nan forè a?
- A van
 - B abri
 - C limyè solèy
 - D presipitasyon
- 25** Pou kò yo grandi epi repare tèt yo, bèt yo bezwen
- A manje
 - B konpayon yo
 - C abri
 - D limyè

26 Yon dekonpozè se yon òganis ki

- A resikle nitriman yo
- B absòbe limyè solèy
- C pwodui manje
- D fè grenn yo

27 Elèv yo nan yon kou syans te mezire longè biwo yo a nan itilize longè yon dwèt. Yo montre rezilta mezi yo a nan graf anba la a. Chak X reprezante yon (1) elèv.



Konbyen elèv ki te mezire longè biwo a kòm 9 dwèt?

- A 2
- B 4
- C 6
- D 8

28 De (2) plant idantik nan po idantik avèk menm kantite tè. Sèlman yon (1) plant jwenn dlo chak jou. Toude plant yo jwenn menm kantite limyè ak lè. Eksperimantasyon sa a egzamine fason plant yo reponn ak

- A lè
- B limyè
- C tè
- D dlo

29 Tablo done anba la a montre distans, an santimèt (cm), yon machin jwèt te vwayaje nan 5, 10 ak 15 segonn.

Tablo Done

Kantite Segonn yo	Distans Machin Jwèt lan Vwayaje (cm)
5	120
10	240
15	360

Si tandans yo montre nan tablo done a kontinye, ki distans machin lan ap vwayaje nan 20 segonn?

- A 400 cm
- B 480 cm
- C 600 cm
- D 720 cm

30 Mwayèn tanperati lè mansyèl nan Albany, New York ogmante chak mwa soti Fevriye rive Jen. Ki tablo done ki montre kòrèkteman mwayèn tanperati lè mansyèl sa yo pou Albany, New York?

Mwa	Lè Mwayèn Tanperati (°F)
Fevriye	25
Mas	35
Avril	58
Me	46
Jen	67

A

Mwa	Lè Mwayèn Tanperati (°F)
Fevriye	25
Mas	35
Avril	47
Me	58
Jen	57

C

Mwa	Lè Mwayèn Tanperati (°F)
Fevriye	25
Mas	25
Avril	47
Me	58
Jen	67

B

Mwa	Lè Mwayèn Tanperati (°F)
Fevriye	25
Mas	35
Avril	47
Me	58
Jen	67

D

Pati II

Enstriksyon (31–45): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

Sèvi ak tablo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 31 ak 32. Tablo a bay lis plizyè reyalite sou inondasyon yo.

Reyalite Inondasyon yo

- kapab lakòz dega sou kay yo
- kapab depoze tè rich ak nitriman
- kapab rive rapidman
- kèk rivyè kapab inonde chak ane
- kapab replen dlo anba tè

31 Idantifye **yon (1)** enpak anviwònmantral pozitif inondasyon. [1]


32 Idantifye **yon (1)** aksyon yon moun ta dwe pran pou rete an sekirite si yo prevwa yon inondasyon. [1]

33 Tablo done anba la a montre kantite boutèy an vè yon elèv kolekte pandan li ap netwaye yon pak pandan kat (4) jou.


Boutèy an Vè yo Kolekte yo

Jou	Boutèy yo
1	11
2	8
3	5
4	7


Konplete graf a ba anba la a pou montre done elèv la pou kantite boutèy an vè yo kolekte chak jou. Yo montre ba a pou Jou 1 kòm yon egzanp. [1]



Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 34 ak 35. Dyagram lan montre kat (4) diferan zwazo avèk bèk ki gen gwosè diferan.




34 Plase non zwazo yo nan lòd soti bèk ki pi kout rive nan bèk ki pi long. [1]



35 Idantifye **yon (1)** zouti syantifik ke yo ta kapab itilize pou mezire longè bèk yon zwazo. [1]

Sèvi ak dyagram ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 36 ak 37. Dyagram A, B, ak C montre dlo nan twa (3) eta matyè li yo.




(Pa trase selon echèl la)

36 Idantifye eta matyè dlo yo montre nan dyagram A. [1]

37 Ki dyagram ki montre dlo nan eta matyè ki gen yon fòm defini ak yon volim defini? [1]

Ansèkle youn: A B C

38 Dyagram anba la a montre plizyè objè ki itilize enèji elektrik. Moun itilize objè sa yo nan diferan fason.




(Pa trase selon echèl la)

Chwazi **yon (1)** objè nan dyagram lan, ki pa radyo a. Idantifye **yon (1)** fòm enèji objè a pwodui nan transfòmasyon enèji elektrik, epi answit deklare fason objè a ede moun. Yo montre enfòmasyon pou radyo a. [1]

Objè	Fòm Enèji ki Pwodui	Fason Objè a Ede Moun
radyo	son	Moun kapab tande bilten nouvel ak metewolojik yo.

39 Dyagram lan montre yon elèv ki ap fwote men li ansanm. Flèch yo reprezante direksyon ke men elèv yo ap deplase.



Idantifye **yon (1)** fòm enèji ki pwodui lè elèv la fwote men li ansanm. [1]


Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 40 ak 41. Dyagram lan montre yon skonk.



40 Skonk yo kapab espre yon likid avèk yon trè gwo odè. Idantifye **yon (1)** sans ki ta kapab afekte lè yon skonk espre yon bèt. [1]

41 Skonk yo genyen grif pwen ti tou. Dekri **yon (1)** fason grif skonk lan ede li siviv. [1]

Sèvi ak dyagram anviwònman yon letan ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 42 ak 43.



(Pa trase selon echèl la)

42 Idantifye **de (2)** òganis yo make nan dyagram lan ki se pwodiktè. [1]

_____ ak _____

43 Idantifye sous enèji pou tout òganis yo nan anviwònman letan sa a. [1]

44 Dire devy mwayèn yon tip bèt se dis (10) ane. Eksplike sa yo vle di pa dire devy. [1]

45 Dekri **de** (2) rezon poukisa yon bèt ta kapab deplase soti nan yon zòn pou viv nan yon lòt zòn. [1]

(1) _____

(2) _____

GRADE 4 ELEMENTARY-LEVEL SCIENCE HAITIAN CREOLE EDITION

**Pou Itilizasyon Pwofesè Sèlman
Part II Credits**

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
31	1	
32	1	
33	1	
34	1	
35	1	
36	1	
37	1	
38	1	
39	1	
40	1	
41	1	
42	1	
43	1	
44	1	
45	1	
Total	15	